

## **LIS KATEGORI KI GEN PRIORITI YO – F.S. 393.065(5)**

Ajans pou Moun ki Andikape (APD) kategori lis datant yo soti nan priorite ki pi wo a pou rive nan sa ki pi ba a. Kategori 1 se sa ki gen priorite ki pi wo a. Kategori 7 se sa ki gen priorite ki pi ba a.

**Kategori 1 gen ladan I kliyan ke yo jije ki nan kriz jan sa dekri nan Règ 65G 1.046 ak 65G1.047, Kòd Administratif Florid yo. Kriz yo enkli sanzabri, danje pou pwòp tèt ou oswa lòt moun, epi swanyan an pa kapab bay swen.**

- Pyès dokiman ki ekzije pou chanjman: Dokimantasyon pou kategori sa a egzije pou ranpli ak apwobasyon aplikasyon pou kriz la.

**Kategori 2 gen ladan I moun ki gen yon ka ki louvri nan Depatman pou Timoun ak Fanmi yo (DCF) nan sistèm enfòmasyon otomatik nan tout eta pou byennèt Timoun ak Fanmi yo, ki swa:**

1. Soti nan sistèm pou byennèt timoun nan lè adopsyon I lan te finalize a, reyinifye ak manm fanmi li, plasman pèmanan ak manm fanmi li; oswa li sou titèl yon moun ki pa manm fanmi li; oswa
  2. ki gen omwen 18 tan men ki pa ko gen 22 zan, ki bezwen toude, sèvis esepsyon an ak sèvis swen fanmi dakèy pwolonje a; oswa
  3. ki gen omwen 18 tan men ki pa ko gen 22 zan, epi ki retire konsantman I daprè s. 39.6251(5)(c) pou yo ka rete nan sistèm fanmi dakèy pwolonje a.
- Pyès dokiman ki ekzije pou chanjman: Dokimantasyon ki soti nan DCF ki konfime ke endividé a gen yon ka ki louvri nan sistèm pou byennèt timoun yo ak dokiman ki gen rapò ak tribinal oswa lòt dosye.

**Kategori 3 gen ladan I, kliyan:**

1. Ke swanyan li an gen yon kondisyon ki dokimantè ke yo prevwa ki ka rann swanyan pa kapab bay moun nan swen nan 12 mwa kap vini yo, ak pou moun ki oblige gen yon swanyan, men pa gen okenn lòt swanyan ki disponib;
- Pyès dokiman ki ekzije pou chanjman: Yon deskripsyon kondisyon an oswa sikontans ki rann ke swanyan an pa kapab bay swen an. Dokiman an dwe eksplike rezon ki fè ke swanyan aktyèl la pa kapab bay moun nan swen. Si kondisyon an oswa sikontans lan se akòz yon kondisyon medikal, yo dwe bay yon deklarasyon ki soti nan men yon doktè.
2. Nan risk sibstansyèl pou anprizonnan oswa yon obligasyon tribinal men ki pa gen sipò;
- Pyes Dokiman ki ekzije pou chanjman an: Yon rezime de ensidan kote ke endividé a te enplike nan zak ki danje oswa kriminèl; yon rezime de ensidan kote

ke moun nan te enplike nan konpòtman ki danjere; yon rezime de istwa enplikasyon pase moun nan ak sistèm tribunal la oswa ak leta ki fè respekte lalaw yo, nenpòt enplikasyon aktyèl avèk sistèm tribunal la oswa leta fè respekte lalwa yo; yon rezime nenpòt ki istwa arestasyon miltip, enkaserasyon nan prizon, nan penitansye, oswa admisyon nan pwogram pou defandan moun ki gen reta mantal.

3. **Moun ke move konpòtman dokimante yo oswa ke bezwen fizik yo mete yo oswa swanyan yo nan risk danje grav epi pa gen lòt sipò ki disponib kounye a pou soulaje sitiyasyon an;**
  - Pyès dokiman ki ekzije pou chanjman an: Deskripsyon move konpòtman yo oswa bezwen fizik ki lakòz risk la oswa danje potansyèl ak tretman medikal ke yo bay moun nan oswa bay lòt moun akoz de konpòtman moun nan oswa bezwen fizik li; avèk dokimantasyon sou kantite de tan sa rive, entansite ak dire ensidan konpòtman yo ak eksplikasyon sou entèvansyon ki te pran pou adrese move konpòtman yo.
4. **Ki idantife kòm yon moun ki pare pou egzeyat nan ane kap vini an, nan yon lopital pou sante mantal oswa mezon retrèt kalifye epi moun ki oblige gen yon swanyan, men pa gen swanyan ki disponib pou li oswa ke swanyan li an pa kapab bay swen ki nesesè a.**
  - Pyès dokiman ki ekzije pou chanjman an: Yon rezime papye ezeyat la ki soti nan etablisman an; yon estati de swanyan ki disponib pou endividé a ak dokimantasyon ki montre ke pa gen okenn lòt resous oswa lòt sèvis ki disponib apade sèvis esepsyón an ki pou reponn bezwen endividé a.

**Kategori 4 gen ladan kliyan ke swanyan an gen 70 zan daj oswa pi gran, epi li oblige gen swanyan men pa gen okenn lòt swanyan ki disponib.**

- Pyès Dokiman ki ekzije pou chanjman an: Yo dwe bay dat de nesans moun ki swanyan prensipal la, osi byen ke dokiman ki di ke moun nan bezwen yon swanyan men pa gen okenn lòt swanyan ki disponib. Enfòmasyon konsènan sante swanyan an epi yo dwe founi disponiblité lòt swanyan. Prèv akseptab dat de nesans dwe founi, men ki pa limite a, batistè ak kat didantite ke gouvènman bay.

**Kategori 5 gen ladann, men ke yo pa oblige pou ki limite a, kliyan ke yo espere kap gradye nan 12 mwa kap vini yo nan yon lekòl segondè epi ki bezwen sipò pou yo jwenn yon aktivite jounalyè ki fè sans, kenbe yon travay konpetitif, oswa pouswiv yon pwogram edikasyon segondè siperyè nan yon lekòl akredite ki te aksepte I.**

- Pyès dokiman ki ekzije pou chanjman an: Dokimantasyon ki soti nan lekòl la ki gen dat gradyasyon endividé a ak dokiman ki montre ke pa gen okenn lòt resous apade sèvis fon esepsyon an ki pou bay endividé a sipò pou jwenn oswa kenbe yon travay, oswa pouswiv aktivite jounalyè ki fè sans, oswa pouswiv edikasyon lekòl segondè siperyè.

**Kategori 6, gen ladan kliyan ki gen laj 21 an oswa ki pi gran, ki pa satisfè kritè nan kategori 1, kategori 2, kategori 3, kategori 4, oswa kategori 5.**

- Pyès dokiman ki ekzije pou chanjman an: Dat de nesans endividé a epi pa gen okenn lòt kritè kategori ki ka aplike. Prèv dat de nesans ki akseptab, enkli men yo pa limite a, batistè ak kat didantite ke gouvènman bay.

**Kategori 7, gen ladann kliyan ki pi jenn pase 21 an, ki pa satisfè kritè ki nan kategori 1, kategori 2, kategori 3, oswa kategori 4.**

- Pyès dokiman ki ekzije pou chanjman an: Dat de nesans endividé a epi ke pa gen okenn lòt kritè kategori ki ka aplike. Prèv dat de nesans ki akseptab, enkli men yo pa limite a, batistè ak kat didantite gouvènman bay.

Òganizasyon Konsèy pou Swen Fanmi Lokal la se yon resous pou fanmi yo, pou debat enfòmasyon sa a; epi se fanmi yo ak oto-defansè yo ki opere I. Sitwèb Konsèy Swen Fanmi la se: <http://www.fccflorida.org/>